

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Di Tatar Sunda unggal wewengkon umumna miboga kasenian has séwang-séwangan anu luyu jeung kaayaan géografisna sarta sosial budayana. Éta kasenian téh aya anu warisan ti karuhun, aya ogé nu mangrupa réka-kréasi tina kasenian-kasenian buhun. Kiwari, éta kasenian-kasenian téh teu pati dipikawanoh sarta kurang dipikareueus ku nonoman ngora, sabab éta kasenian téh dianggapna tinggaleun jaman, pikaboseneun, ngeuyeumbeu (monoton), jsb. Antukna, nonoman leuwih migandrung kana kasenian ti nagara deungeun, nepi ka nonoman poho kana jati diri sarta kana budayana sorangan.

Désa Winduraja Kecamatan Kawali mangrupa salasahiji wewengkon di Kabupatén Ciamis nu masarakatna masih kénéh ngaraksa jeung ngariksa kasenian warisan ti karuhun, nya éta kasenian Méng Mléng. Tina hasil wawancara jeung Bapa Enda Juanda (sesepuh Winduraja) Méng Mléng geus aya ti taun 1150, baheula Méng Mléng dijieun pikeun tutunggulan Éyang Maharaja Sakti anu disunatan. Maharaja Sakti téh nya éta salasahiji raja di karajaan Kawali nu miboga ngaran asli Tripermawa Kusumah atawa Pangéran Cakra Déwa.

Méng Mléng téh wujudna saperti maung. Ceuk kapercayaan masarakat Winduraja mah Méng Mléng wujudna saperti ucing nu badag. Kiwari, ngaran Méng Mléng teu dipaké deui, tapi diganti jadi Lodaya Winduraja. Salian ti ngaranna robah, Méng Mléng nu aslina geus teu dipaké deui tapi dijieun réka-kréasina alatan aya sababaraha alesan nu ngalantarankeun éta hal. Éta alesan téh umpamana waé Méng Mléng saacan dipintonkeun kudu aya heula ritual nu husus lamun teu kitu, pasti aya waé mamala jeung hal nu matak teu kaharti ku akal. Contona waé nu mintonkeun kasenian Méng Mléng téh sok ngadadak arateul atawa budug, malahan sok dibarengan ku hujan angin dor dar gelap.

Méng Mléng mangrupa kasenian buhun, sedengkeun Lodaya Winduraja mangrupa wujud kasenian nu kainspirasian ku seni Méng Mléng. Nu ngabédakeunnana nya éta Méng Mléng mah baheula dipaké helaran pikeun nu disunatan, ari Lodaya Winduraja mah dipintonkeunnana bisa dina rupa-rupa acara, sarta jeurna bisa disaluyukeun jeung paménta nu boga acara.

Kasenian téh kaasup kana unsur kabudayaan, nu mangrupa alat pikeun ngaraketkeun tali mimitraan di masarakat. Ku kituna, kasenian téh mangrupa kabudayaan masarakat, anu kudu dimumulé, sarta diriksa pikeun dipikanyaho ku unggal masarakat, paling copélna nyaho kana kasenian anu aya di wewengkon sorangan.

Kasenian mangrupa hal nu raket patalina jeung kaéndahan. Santayana (dina Ratna, 2011, kc. 199) nétélakeun yén kaéndahan nya éta ajén, sipatna ideal, abstrak, sarta teu bisa dirampa ku indra. Nu bisa dirasakeun nya éta pakakas atawa paripolah nu nyangkaruk dina éta ajén-ajén.

Nurutkeun Kartika & Prawira (2004, kc. 6), éstétika téh mangrupa cabang tina filsafat, nya éta filsafat nu medar ngeunaan kaéndahan. Pasualan éstétika ngawengku opat hal, nya éta: (1) ajén éstétika (*esthetic value*); (2) pangalaman éstétis (*esthetic experience*); (3) paripolah jalma nu nyieun karya (*seniman*); jeung (4) seni.

Tina éta hal, kasenian Lodaya Winduraja disawang perlu ditalungtik leuwih jero ngeunaan ajén éstétikana. Saméméhna geus aya nu nalungtik perkara ajén éstétika, di antarana:

- 1) Eka Purwati (2011) Universitas Pendidikan Indonésia, nu judulna “Ajén Éstétis dina Kasenian Sisingaan di Kabupatén Subang”.
- 2) Rita Rahayu (2013) Universitas Pendidikan Indonésia, nu judulna “Ajén Éstétika Kasenian Toléat di Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Nulis Éséy di Kelas XII”.
- 3) Amelia Agustina Pratiwi (2013) Universitas Pendidikan Indonésia, nu judulna “Ajén Éstétika dina Kasenian Rudat di Dusun Cirahayu Désa

Subang Kecamatan Subang Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di Kelas VIII”.

- 4) Tiya Komalasari (2013) Universitas Pendidikan Indonésia, nu judulna “Ajén Éstétis dina Kasenian Pencak Silat (Macan Kumbang) di Désa Nyingkir Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII”.

Dina kasenian Lodaya Winduraja nyangkaruk ajén-inajén nu can kapesék boh patali jeung sajarah boh patali jeung pintonan. Ku kituna, kudu aya tarékah pikeun nalungtikna, umpamana ku cara dipatalikeun jeung bahan pangajaran Basa Sunda di sakola. Ku ayana pangajaran Basa Sunda di sakola, siswa dipiharep wanoh jeung nyangkem kana tujuan pangajaran. Ieu hal mangrupa jalan pikeun ngamumulé kabudayaan sangkan teu kadéséh ku kabudayaan séjén.

Panalungtikan baris dilaksanakeun di Désa Winduraja Kecamatan Kawali, sabab di ieu wewengkon aya hiji yayasan kasundaan anu masih aktif mintonkeun kasenian Lodaya Winduraja. Éta yayasan téh dina sataun kurang leuwih bisa mintonkeun opat kali Kasenian Lodaya Winduraja, di antaranna nya éta: purnakala, nyiar lumar, milangkala Kabupatén Ciamis, jeung acara ti Badan Narkotika Nasional (BNN) Kabupatén Ciamis. Ngaran éta yayasan téh nya éta Yayasan Galoeh Ethnic Winduraja.

Nu nalungtik miboga harepan sangkan ieu panalungtikan bisa mangpaat pikeun dunya atikan jeung bisa ngangkat ajén-inajén budaya kasenian Lodaya Winduraja sangkan sakabéh masarakat leuwih mikawanoh. Judul anu baris ditalungtik nya éta “Ajén Éstétika Kasenian Lodaya Winduraja di Yayasan Galoeh Éthnic Winduraja Désa Winduraja Kecamatan Kawali pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII”

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Ieu panalungtikan baris diwatesanan nalungtik ngeunaan ajén éstétika nu nyampak dina kasenian Lodaya Winduraja, lantaran hiji karya seni tangtu waé miboga kaéndahan di jerona.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha déskripsi kasenian Lodaya Winduraja Désa Winduraja Kecamatan Kawali?
- 2) Ajén éstétika naon nu nyangkaruk dina kasenian Lodaya Winduraja di Désa Winduraja Kecamatan Kawali?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca bahasaan di Kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun numuwuhkeun jeung ngariksa budaya katut kasenian nu aya di masarakat sangkan teu leungit.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Sajarah, unsur-unsur seni nu nyangkaruk dina kasenian Lodaya Winduraja, prak-prakan sarta fungsi kasenian Lodaya Winduraja.

- 2) Ajén estétika nu nyangkaruk dina kasenian Lodaya Winduraja.
- 3) Larapna téks kasenian Lodaya Winduraja pikeun bahan pangajaran maca bahasan di kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan dipiharep kudu ngabogaan mangpaat. Panalungtikan ieu miboga sawatara mangpaat, nya éta:

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan ajén estétika anu nyangkaruk dina kasenian Lodaya Winduraja.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) pikeun nambahan wawasan sarta pangaweruh ngeunaan kasenian Lodaya Winduraja, hususna pikeun dunya atikan;
- 2) pikeun dunya atikan, bisa dijadikeun salasahiji sumber bahan pangajaran di SMA;
- 3) pikeun panalungtik, bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan salaku média pikeun nambahan pangaweruh dina widang kasenian Lodaya Winduraja.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, nu ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, nu ngawengku estétika, kasenian Lodaya Winduraja, jeung bahan pangajaran.

BAB III Métodologi Panalungtikan, nu ngawengku lokasi jeung sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

Reni Anggraeni, 2014

AJÉN ÉSTÉTIKA DINA KASENIAN LODAYA WINDURAJA DI YAYASAN GALOEH ÉTHNIC WINDURAJA DÉSA WINDURAJA KECAMATAN KAWALI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB IV Hasil jeung Pedaran Panaluntikan, eusina ngeunaan déskripsi, ajén éstétika nu nyampak dina kasenian Lodaya Winduraja, sarta larapanna dina bahan pangajaran maca di SMA kelas XII.

BAB V Panutup, nu ngawengku kacindekan jeung saran.